Ассаламу гIалайкум!



www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

№ 37 (6669) 26 август 2019 с. Итни ЗулхIижа 1440 с. Багьа - эркенаб

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

# 250 цIалдохъанасе бакI бугеб мактаб

### Бакълъулазул районалда балеб буго ЦIияб Аргъвани гьоркьохъеб школалъул мина

**Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас тIобитIана ЦIияб Аргъваниб 250 цIалдохъанасе бакI бугеб гьоркьохъеб школа бан лъугIизабиялъул суал гьоркьоб лъураб данделъи. Гьеб балеб буго республикаялъулаб адреснияб инвестиционнияб программаялда рекъон. Муниципалитеталъул нухмалъулев дандчIвана подрядалъулаб гIуцIиялъул вакилзабигун, абуна школалъе цIияб мина къокъаб заманалда бан лъугIизабизе кколин.**



ЦIияб Аргъвани гьоркьохъеб школа базе тендер бергьараб «Трансстрой» холдинговияб компаниялъул генералияв директор Фазлудин ХIасановас ва гьебго фирмаялъул бетIерав инженер ХIажимурад МуртазагIалиевас абуна гьеб балеб бакI болжалалда лъугIизабиялъе гIоло бакIал ралез хIалтIи качествоялда ва кIиго сменаялда гьабулеб бугин.

«Бакълъулазул районалда гIумруялде рахъинарулел руго хадубккунги гIумруялъул даража борхизабиялде ралагьарал федералиял ва республикаялъулал программаби. Лъайкьеялъул бутIаялда районалда тIуразарулел руго «Росдал учитель», «Гьанжезаманалъул школа», «150 школа» «ЦебетIеялъул точка» ва цогидалги проектал. ЦIияб Аргъвани гьоркьохъеб школа балеб буго республикаялъулаб адреснияб инвестиционнияб программаялда рекъон. Гьеб хIалтIизабизе кьеялъ районалда лъайкьей цебетIезе буго. ЦIияб школалда гIуцIизе руго лъай босиялъе, гIолеб гIелалъе цебетIей щвеялъе киналго шартIал», - ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

ЦIияб Аргъвани гьоркьохъеб школалъул директор Башир Башировас баян гьабуна лъимал, гьезул умумул, мугIалимзаби ралагьун чIун ругин школалъе цIияб мина бан лъугIиналъухъ.

«Чанго анцIго соналъ ЦIияб Аргъвани школалда лъимал цIалулел руго рукIине кколел шартIал гьечIел классазда. Гьваридаб лъай щвеялъе квалквал гьабулеб буго кабинетал къваридал рукIиналъ ва цогидалги санагIалъи гьечIел шартIаз. Киналго тIалабазе жаваб кьолел цIиял корпусал ралел руго. ЦIалул классазда тIадеги разе руго спортзал, столовая ва цогидалги бакIал. Божилъи буго цIияб школа хехго бан лъугIилин ва хIажатабщиналдалъун хьезабурал кабинетахъ лъималазе лъай кьезе рес щвелин», - ян бицана Башир Башировас.

**«Гумбет» РИО**

ЖАМАГIАТАЛЪУЛ ГАЗА

# Программаби гIумруялде рахъинари гьоркьоб лъуна

### Бакълъулазул районалда тIобитIана депутатазул Собраниялъул иргадулаб гуреб сессия

**Бакълъулазул районалъул администрациялъул данделъабазул залалда тIобитIана депутатазул Собраниялъул иргадулаб гуреб сессия ва гьенир гьоркьор лъуна федералиял ва республикаялъулал программаби тIураялъул хIакъалъулъ суалал.**



Сессиялда гIахьаллъана районалъул депутатазул Собраниялъул председатель МухтарахIмад АхIмадов, районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиев, депутатал, росабазул поселениязул бутIрул, учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулел ва цогидалги. Сессия рагьана ва бачана МухтарахIмад АхIмадовас.

Муниципалитеталъул законодательнияб нухмалъиялъул вакилзабаз гьоркьор лъеялде росана федералиял ва республикаялъулал «Росдал учитель», «Гьанжезаманалъул школа», «СанагIатал шагьаралъулал шартIал», «БакIалъул нухал», «150 школа», «ЦебетIеялъул точка» ва цогидалги проектал тIуразариялъул бугеб хIалалъул хIакъалъулъ суалал. Гьединго гьоркьоблъун халгьабуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул 2019 соналъе ва 2020-2021 соназул плановияб заманалъе бюджеталда хисабасиял гьариялъул хIакъалъулъ суалги.

Сессиялда кIалъазе рахъана районалъул администрациялъул финансовияб управлениялъул нухмалъулев РурухIма Халидов, хъаравулллъиялъулгун хIисабалъул палатаялъул нухмалъулев Шамил ГIалиев ва цогидалги. Доклад гьабураз ва кIалъазе рахъараз абуна, «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасул нухмалъиялда, муниципалитеталда жигараб хIалтIи гIуцIун бугин гIагараб ракь цебетIезелъун проектазда гIахьаллъиялъул рахъалъ.

Гьоркьор лъурал киналго суалазда хурхун хIукмабиги къабул гьаруна.

**«Гумбет» РИО**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**Обращение главы Гумбетовского района Хаджимурада Магомедова в День памяти Сайидмухаммада-хаджи Абубакарова**

-2 стр.



**Бангкокалда турниралда чемпионлъун вахъана МелъелтIаса речIчIухъан Юсуп СагIадулаев**

-2 гьум.



**1632 цIалдохъан**

-4 гьум.



**Меры по обеспечению общественного порядка и общественной безопасности в учреждениях образования**

4 гьум.

КОЛОНКА ГЛАВНОГО РЕДАКТОРА

## Кладбище мучеников Кавказской войны

**В селе Аргвани расположено кладбище, которое в народе известно как место захоронения сотен газиев Кавказской войны. В начале лета 1839 года в Аргвани произошло крупное сражение Большой Кавказской войны. Арганинская битва в народе получила символичное название – Второе Ахульго (хотя данное сражение произошло до боев на Ахульго).**



В этом году исполняется 180 лет оборонительной битве в Аргвани и героической эпопее Ахульго, запечатленной на панораме Франца Рубо.

По данным историков, только аргванинцы во время обороны аула-крепости в день теряли десятки воинов. Сражением руководил сам имам Шамиль. Его личное присутствие и участие в боях вдохновляло воинов Имамата.



За годы Кавказской войны колониальными царскими войсками село Аргвани несколько раз было сожжено. Каждый аул Имамата представлял собою крепость, ни одно поселение не избежало тягот войны. Кавказцы боролись за честь, религию и Родину, продемонстрировали всему миру величие истинной веры, храбрость, любовь к родному краю.

Известно, что на помощь войскам имама во время битвы за Аргвани пришли цудахарцы, большая часть их отряда полегла здесь, став мучениками за веру и Родину. ГIазизабазул баракат камугеги.

**Гамзат Изудинов**

## Обращение главы Гумбетовского района Хаджимурада Магомедова в День памяти Сайидмухаммада-хаджи Абубакарова

**Сегодня, 21 августа 2019 года, исполняется 21 год со дня кощунственного убийства духовного лидера Дагестана, муфтия республики Сайидмухаммада-хаджи Абубакарова.**

Это святотатство было совершено врагами человечества в праздничный благой день, когда Сайидмухаммад-хаджи Абубакаров приезжал совершить обязательный коллективный джума-намаз. Несмотря на то что Сайидмухаммад-хаджи Абубакаров работал муфтием Дагестана в течение нескольких лет, с августа 1996 года по август 1998 года, за этот период ему удалось консолидировать все здоровые силы общества, была проделана огромная работа по духовно-нравственному, религиозному просвещению народа, борьба за умы молодежи была в целом выиграна, удалось спасти Дагестан от кровавой смуты, войны всех против всех, люди пошли за официальным духовенством и получили идеологическую поддержку в его лице.

Великий Расул Гамзатов, «Белым журавлям» которого установлены сотни памятников по всему миру, писал: «Скажи, кто посмел, не взирая на честь, Взорвать ту машину в мечети, Где бедный наш муфтий Саид-Магомед Был вместе с родным своим братом?.. Одно утешенье, другого ведь нет, Что всех их настигнет расплата». Если бы не мудрое, принципиальное, мужественное слово Сайидмухаммада-хаджи Абубакарова, наших духовных наставников, аксакалов, судьба Дагестана могла быть плачевней. Жизнь Сайидмухаммада-хаджи Абубакарова – это борьба за правду, веру, за Родину. Выступая против идеологов терроризма и экстремизма, он каждый день совершал подвиг. Это был блестящий оратор, который оказывал огромное психологическое воздействие на людей, он разоблачал носителей идей насилия, хаоса, радикализма, его пропо-



веди имели отрезвляющий эффект, после его речей у многих заблудших представителей молодежи наступало прозрение, они понимали и принимали истинность, искренность его слов. Убийство Сайидмухаммада-хаджи Абубакарова – это большая потеря для Дагестана, Кавказа, России, всей мусульманской уммы.

В его лице не стало признанного влиятельного, эффективного религиозного деятеля, к слову которого прислушивались миллионы людей. Одна из крупных центральных улиц столицы Дагестана носит имя Сайидмухаммада-хаджи Абубакарова. В республике функционирует Благотворительный фонд имени Сайидмухаммада-хаджи Абубакарова и другие организации, которые носят его имя. Память о мученике веры, выдающемся деятеле ислама Сайидмухаммаде-хаджи Абубакарове всегда будет в наших сердцах. Да не лишит нас Аллах благодати духовных наставников и праведников. Амин.

**Глава Гумбетовского района
Хаджимурад Магомедов**

КЪУРУЛЪ КЪАБУРАЛ МАГIАЛ...

## Бангкокалда турниралда чемпионлъун вахъана МелъелтIаса речIчIухъан Юсуп СагIадулаев

**Бакълъулазул районалъул МелъелтIа росулъа речIчIухъан Юсуп СагIадулаев бергьана Бангкок шагьаралда тIобитIараб ONE CHAMPIONSHIP турниралда.**



СагIадулаевасул дандиявлъун вукIана Кореялдаса хIалбихьи бугев речIчIухъан Дэ Хван Ким. Россиялъул спортсменас ракIчIараб бергьенлъи босана дандиясда тIад ва турниралда чемпионлъун вахъана.

Бакълъулазул районалъул бетIер, олимпиялъул чемпион ХIажимурад МухIамадовас Юсуп СагIадулаевасда баркана бергьенлъи щвей, гьарана спортальулъ хадурккунги церетIеял ва кинабго лъикIабщинаб.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

# «Кавказалъул хIаял», «Росдал мугIалим»...

### Лъайкьеялъул ва гражданазе социалиял хъулухъал гьариялъул суалал

**Бакълъулазул районалъул администрациялда тIобитIана лъайкьеялъул, гIадамазе социалиял хъулухъал гьариялъул, республикаялъулал проектал тIураялъул суалал гьоркьоб лъураб данделъи. Гьенир гIахьаллъана федералиял, республикаялъулал ва муниципалиял идарабазул хIалтIухъаби, учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулел ва цогидалги.**

Данделъи рагьана ва бачана районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас.

Дагъистан Республикаялъул МФЦялъул Гумбеталда бугеб филиалалъул нухмалъулесул ишал тIуразарулей Асият ГIабдурахIмановалъ абуна араб анкьалъ пачалихъияб ва муниципалияб хъулухъ гьабизе 173 гIарза къабул гьабунин, гьездасан 142 тIубанин.

Лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул аслияв махщалилав Сурхай Сурхаевас бицана Аргъвани гьоркьохъеб школалда дарсал кьезе педагогикияб хIалтIухъаби тIаса рищиялъул конкурсалъул, цIияб цIалул соналде лъайкьеялъул учреждениязда гьабун бугеб



хIадурлъиялъул хIакъалъулъ.

Араб анкьалъ Гумбеталдаса спортсмен МухIамад Астимировас лъабабилеб бакI ккуна халкъазул спорталъул ва маданияталъул «Кавказалъул хIаял» фестивалалъул зоналияб этапалда. Гьелъул хIакъалъулъ баян гьабуна лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурухIма МухIамадовас. Районалъул администрациялъул аппаратальул нухмалъулев ИсмагIил Салатгереевас борхана захIматалъул гIадлу цIунизе ккеялъул суал, ракIалде щвезабуна учреждениязул хIалтIухъабаз хIалтIул заманалъул режим хвезабизе бегьунгутIи.

КIвар бугел суалал рорхана кIалъазе рахъарал «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул кумекчи МухIамад Зубайировас, районалъул юридическияб отделалъул нухмалъулев Хайрудин Халидовас, хъаравуллъиялъулгун хIисабалъул палатаялъул нухмалъулев Шамил ГIалиевас, гIадамал хIалтIудалъун хьезариялъул централъул нухмалъулев Муслим ГIабдурахIмановас, централияб больницаялъул бетIерав тохтурасул ишал тIуразарулев МухIамадхIабиб Абакаровас, гIадамал социалияб рахъалъ цIуниялъул управлениялъул нухмалъулев МухIамадрасул Эсенбулатовас, финансазул управлениялъул нухмалъулев РурухIма Халидовас, РФялъул пенсиязул фондалъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулев ТIалхIат Жамалудиновас, Дагъистанстаталъул Гумбеталда вугев бетIерав специалист – эксперт МухIамад Лабазановас, муниципалитеталъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас ва цогидазги.

Данделъиялда гьединго гьоркьор лъуна Басрияб Сивухъ росулъ росдал къо тIобитIиялъул, «СанагIатал шагьаралъулал шартIал», «150 школа», «Росдал учитель» ва цогидалги проектазул программаби тIураялъул хIакъалъулъ суалал. Бицана улкаялъул, республикаялъул нухмалъиялъул, «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасул церелъеял тIуразе ккеялъул.

Данделъиялъул ахиралда районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас хIалтIул мунпагIат борхизабиялде ралагьарал тIадкъаял кьуна.

**Макка МухIамадова**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

## Имам Шамил ракIалде щвеялъул турнир тIобитIана Гъоркь Инхо росулъ

### Тадбир гIуцIизе гIарцулаб кумек гьабуна росулъа сахаватчагIаз

**ГIолилазул хIаракаталдалъун ва Гумбеталъул гIолилазул централъул рахъкквейгун бакълъулазул районалъул Гъоркь Инхо росулъ тIобитIана имам Шамил ракIалде щвеялъул мини-футболалъул турнир.**



Къецазда гIахьаллъана «Имамат», «Эксперт», «Молодежь», «Аякс», «Спарта», «Караван» ва цогидал командаби. Турниралъул чемпионлъун бахъана «Эксперт» команда, кIиабилеб бакI «Караван» ва лъабабилеб бакI «Имамат» командаялъ ккуна. Бергьаразе къуна кубок, медалал, грамотаби, гIарцулал сайгъатал. Къецал тIоритIиялъе спонсорлъиялъулаб кумек гьабуна бакIалъул предпринимателал МухIамадгIали МусахIажиевас, ГIабдула ГIабдулкъадировас ва ГIисадибир СагIидовас.

Бергьаразе шапакъатал кьолаго Гъоркь Инхо росдал гIолилазул вакил СайгидахIмад МухIамадовас ва мугIрузул территориалияб округалда жамгIият «Патриотал» цолъабазул Ассоциациялдасан куратор Заур Халидовас абуна гьединал турнирал тIоритIиялъул мурадлъун кколин сахал гIолилал гIун рачIин, гьел экстремизмалъул идеологиялдаса цIуни. «Бокьун буго спортсменазе, тренеразе, хIаязухъ ралагьаразе ва спонсоразе баркала кьезе. Хадурккунги хIалтIизе руго гIолилазул проектал ва программаби гIумруялде рахъинариялда тIад. ЦебетIей щвезе буго рухIиябгун лъикIаб гIамал-хасияталъул, ватIан бокьиялъул тадбирал тIоритIиялъе», - ян абуна Заур Халидовас.

Баакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас кIудияб кIвар кьолеб буго махщел бугел гIолилазул рахъккввеялде, гIолеб гIел кинабго рахъалъ цебетIурабльун куцаялде. ГIолеб гIелалъе рухIиябгун лъикIаб гIамал-хасияталъул тарбия щвей мурадалда, районалда тIоритIана имам Шамил ва цогидал пачалихъиял ва жамгIиял, диниял, гIелмиял, спортивиял ва цогидал хIаракатчагIи ракIалде щвеялъул тадбирал. 2017 соналъ Аргъвани росдал ГьацIакьари байданалда тIобитIана гIемер гIадамал гIахьаллъараб тадбир, имам Шамил гьавуралдаса 220 сон тIубаялъул хIурматалда. 2019 соналъ 180 сон тIубала Аргъвани росулъ рагъ ккаралдаса ва АхIулгохI хъала цIуниялъе гIоло къеркьеялъ. Районалда гIатIидго кIодо гьарула КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босараб къо 9 май ва цогидал машгьурал къоял. Имам Шамилил цIарал къун руго Бакълъулазул районалъул росабазул къватIазе.

**«Гумбет» РИО**

ЭБЕЛАЛЪУЛ ХIАТIАКЬ БУГИЛА АЛЖАН

## Гьарадирил росабалъ руччабазул мажлисал тIоритIана

### Исламиял къецазда бергьаразе «ЛъикIал тIабигIатазул ах» абураб Дагъистаналъул муфти, шайих АхIмад Афандиясул тIехьалъул экземпляралги сайгъат гьаруна

**Дагъистаналъул муфтияталъул Гумбеталда бугеб лъайкьеялъул отделалъул хIалтIухъаби Асият ХIасанхIажиевалъул, ГIайшат МухIамадовалъул, Хадижат СултанмухIамадовалъул ва Сабият Шахбановалъул жигаралдалъун, Бакълъулазул районалъул Гъоркьа Гьарадирихъ, Бакьулъ Гьарадирихъ ва ТIаса Гьарадирихъ росабалъ тIоритIана, гьел росабалъа руччабиги данделъун, рухIиялгун лъайкьеялъул дандчIваял.**



Мажлисги тIобитIун, лъайкьеялъул отделалъул хIалтIухъабаз гьаруна исламалъул кьучIал лъазариялъул, диналъулъ чIужугIаданалъул ролалъул хIакъалъулъ гьарачIвариял. Руччабазда гьоркьоб конкурсги гIуцIана. Гьелъул хIасилал гьарун, жавабал кьеялъулъ тIокIлъи бихьизабуразе къуна Дагъистаналъул муфти, шайих АхIмад-Афандил «ЛъикIал тIабигIатазул ах» абурал тIахьал.

**«Гумбет» РИО**

ГЪОБОЛ ВОКЬУЛАРЕСУЛ БОКЬОБЕ ГIАЗУ БАГИ

## Англиялъул сапарчагIи – ЧIиркъатIа

### КъватIисел пачалихъаздаса туристал рачIана Бакълъулазул районалде

**Великобританиялдаса ва цогидалги къватIисел пачалихъаздаса туристал рачIана Бакълъулазул районалде. Гьединго районалде рачIана «Шангереев – тур», «Этномир Кавказа» ва цогидалги турагентствабазул операторалгун цадахъ рекъон хIалтIулел сапарчагIиги.**



Гьалбал щвана ЦIаналъ росулъе, ЧIиркъатIа росулъе ХIаби Сабуевалъул гьалбадерил «Мирида» рокъоре, ГIалибег Тахо-Годил цIаралда бугеб миллияб музеялъул ЧIиркъатIа бугеб филиалалде ва цогидалги учреждениязедегун объектазде. Туристал разиго хутIана Бакълъулазул районалде сапар гьабиялдаса.

«Районалда кIудияб хIалтIи гьабулеб буго нилъерго гIагараб ракь машгьураблъун, туристал рачIине гьира балеблъун, лъугьинабиялъе. Бакълъулазул районалда гIемер тIоритIула батIи-батIиял турал - пресс-турал, фототурал, блогтурал, этнотурал ва цогидалги. Районалда хIалтIулел руго гьалбадерил рукъзал, этнорукъзал. Машгьураблъун туристазе лъугьун буго ЧIиркъатIа росулъ бугеб цебегосеб мина. Нусгоялдаса цIикIкIун соналъ цебе бараб гьелъ, тIаде рачIарал гьалбал цересел гIасрабазда букIараб хIалалъул пикраби гьаризе тIамула. Гьеб мина цIунун хутIун буго цебе букIараб хIалалда», - ян абуна ХIамзат ГIизудиновас.

Бакълъулазул гьалбал, гьездаго цадахъ рачIарал лъималги рахана мугIрузде, лъугьана нохъазде, гIажаиблъизаруна тIабигIиял холодильниказ, рокьана гьезие накIкIил ва цогидалги гьутIби ругел рохьал, борхалъудасан лъим чвахулел бакIал, хьвадана чуязда ва хIамузда рекIун. Гьелъ сапарчагIазул рекIелъ МугIрузул улкаялъул хIакъалъулъ гIемерал жо лъана.

Бихьизабизе ккола, Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас кIвар буссинабун буго муниципалитеталда туризм цебетIезабиялде, ДРялъул туризмалъул ва халкъияб художественнияб махщалил министерствоялъулгун, батIи-батIиял турфирмабазулгун цадахъ рекъон хIалтIи гIуцIулеб буго. Культураялъул ва туризмаялъул, информациялъулал отделал ва цогидалги идараби хIалтIулел руго кигIан кIваниги цIикIкIун туристал рачIинариялда, гьел къабул гьаризе шартIал чIезариялда, гьалбадерие хъулухъ гьабизе бакIал раялда тIад. Тарихиял ва берцинаб тIабигIаталъул бакIазде туристлъиялъулал маршрутал хIадурулел руго.

**«Гумбет» РИО**

КЪУРУЛЪ КЬАБУРАЛ МАГIАЛ – МАГIАРУЛАЛ ЧIАХЪАГИ

## Кваридасан ххариялъул рахъалъ – мазгар

### Республикаялъул этапалда призовияб бакI ккуна МухIамад Астимировас

**МахIачхъалаялда Елена Исинбаевалъул цIаралда бугеб стадионалда тIобитIана Кавказалъул халкъазул майданияб ва спортивияб «Кавказалъул хIаял» фестивалалъул республикаялъулаб этап.**

Республикаялъулаб этапалда гIахьаллъана 200 спортсмен. МухIамад Астимировас лъабабилеб бакI ккуна кваридасан ххариялъе ва финалалде ворчIана. Финалиял къецал Чачан республикаялда тIоритIизе руго 15 сентябралда.



Гъуниб тIобитIараб зоналияб этапалда республикаялъулаб этапалде ворчIун рукIана кваридасан ххариялъе МелъелтIаса МухIамад Астимиров ва «Силовое троеборье» абураб спорталъул тайпаялъе ЧIиркъатIаса Шамил МухIамадбакъиров.

Бакълъулазул районалъул бетIер, олимпиялъул чемпион ХIажимурад МухIамадовас МухIамад Астимировасда баркана, гьарана сахлъи, талихI-рохел, хадурккунги бергьенлъаби спорталъулъги цIалулъги.

**«Гумбет» РИО**

ГIЕЛМУ - ХАЗИНАЙИН ХВЕЛГО ГЪЕЧIЕБ ЖО

# 1632 цIалдохъан

## 2019-2020 цIалул соналде школал хIадурун руго

**ГIагарлъулеб буго школаз жидерго нуцIби рагьулеб заман. 2019-2020 цIалул соналде школаз гьабун бугеб хIадурлъиялъул хIакъалъулъ суалгун «Гумбет» басмаялъул хIалтIухъан дандчIвана Бакълъулазул районалъул лъайкьеялъул, физической культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадовгун.**

**- Рамазан, нуж щварал школазда цIияб цIалул соналде кинаб хIадурлъи гьабун батараб? Гьезие ремонталъе гIарцулал сурсатал риччан рукIанищ? Школал цIа ккеялдаса ва терроризмалдаса цIуниялъе гьарулел тадбирал?**

- 2019-2020 цIалул соналде Гумбет районалъул лъайкьеялъул учрежденияз гьабун бугеб хIадурлъиялъул халгьабизе райадминистрациялда цебе гIуцIун букIана 8 чиясдасан комиссия (комиссиялъул председатель МухIамад Хьарагишиев). Комиссиялда гьорлъ рукIана районалъул лъайкьеялъул отделалъул, цIа ккеялдаса цIуниялъул, роспотребнадзоралъул, полициялъул ва цогидалги хIалтIухъаби. Комиссиялъ халгьабуна школазда гьарурал ремонталъулал хIалтIабазул, цIа ккелдаса ва терроризмалдаса школал цIуниялъе гьарурал ва хадурккун гьаризесел тадбиразул.

Графикалда рекъон халгьабизе байбихьана 27 июналдаса 12 августалде щвезегIан. Халгьабуна 20 школалъул, 8 ясли-ахалъул, 2 тIадеги лъайкьеялъул учреждениязул.

Роспотребнадзоралъ ва МЧСалъул управлениялъ тIалаб гьабулеб букIана графикалда рекъон щибаб къойил халгьабурал школазул комиссиялъул членаз гъулбасарал актал. Роспотребнадзоралъ киналго лъайкьеялъул учреждениязул актазда гъулбасана. Школал терроризмалдаса ва цIа ккеялдаса цIуниялда хурхун киналго школазда гIуцIун руго хIинкъи гьечIолъиялъул паспортал. Амма цIа ккеялдаса цIуниялъул управлениялъ цо-цо школазда, ясли-ахазда цIа ккеялдаса цIуниялъул сигнализациял рукIалида гьечIолъиялда бан, актазда гъулбасал гьаричIо. КIвар кьезе буго лъайкьеялъул учреждениязда цIа ккеялдаса цIуниялда сверухъ ругел гьел гIунгутIаби тIагIинариялде.

Районалъул администрациялъ ремонталъулал хIалтIабазе школазе биччана миллионалдаса цIикIкIун гъурущ, кIудияб школазе нус-нус, цогидал школазе 50-60 аза-азар.

**- Ремонталъулал хIалтIаби гьари гуребги, школазда цоги хIалтIаби гьарун ругищ?**

- Руго. Игьали гьоркьохъеб школалъул цояб хьибилалда кьабун буго гипсовияб кардон, кьачIан буго кIиго медкабинет, хисун руго гордал. ЛъаратIа гьоркьохъеб школалда цебе тIун буго хъил, школалда цебе гьабун буго щулалъиялъул кьед. ЦIиликь гьоркьохъеб школалда хисана классазда гьоркь кьурабаб хьарщи. МелъелтIа, ЧIиркъатIа гьоркьохъел школазда хIадурун буго, ростелекомалъул тIалабазда рекъон, кIи-кIи кабинет. Абизе бегьула школазда, ясли-ахазда ремонталъулал хIалтIаби гьарун рагIалде рахъун ругищан.

**- ЦIияб 2019-2020 цIалул соналъ школазда чан цIалдохъан цIализе вугев?**

- ЦIияб цIалул соналда школазда цIализе вуго гIага-шагарго 1632 цIалдохъан, гьездасан тIоцебесеб классалде вачунев 145. Ясли-ахазда тарбия кьезе буго 540 гIанасеб лъимералъе.

**Гара-чIвари гьабуна ГIайшат Исламбиевалъ**

ЗАМАНАЯЛЪУЛ ГЪОКО

# Москваялдаса гьалбал - Бакълъулазул маданияб централъул музеялда

**Россиялъул халкъазул гIадатияб Бакълъулазул маданиялъул централъул музеялде рачIана Москвалда гIумрутIами гьабулел ЛъаратIа росулъа гьалбал.**

МухIамад ГIумардибировас гьалбадерил лъай-хъвай гьабуна музеялда ругел умумузул церегосел батIи-батIияб экспонатазулгун, рачана районалъул централда бакI-бакIалде экскурсиялъ,



Маданияб централъул хIалтIухъабаз гьезда лъикIаб дандчIвай гьабуна. Культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель гьел щвана КIудияб ВатIанияб рагъда хварал районцоязул хIурматалда бараб сиялдеги.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

# Кунзахъ тIобитIана Росдал къо

## ГIали-къадиясул гIумруялъулги гIелмуялъулги бицана

**Бакълъулазул районалъул Кунзахъ росулъ тIобитIана Росдал къоялъе сайгъат гьарурал батIи-батIиял тадбирал – мажлис, торгIо хIаялъул ва цогидалги спортивиял къецал.**

МухIамадов, Кунзахъ аслияб школалъул нухмалъулев АсхIабгIали ХIамзатов ва цогидалги.

ГьалбадерицаI кунзахъезда баркана росдал къо, гьаруна рухIиялгун



Росдал къоялда гIахьаллъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиев, районалъул бетIерасул кумекчи МухIамад Зубайиров, районалъул имамзабазул Советалъул нухмалъулев МухIамад МухIамадов, «Сельсовет “Игалинский”» росдал поселениялъул бетIер ХIажимурад МухIамадов, МугIрузул территориалияб округалда гурхIел-рахIмуялъул филиалазул «Инсан» фондалъул нухмалъулев Юнус Темирсултанов, ДРялъул Муфтиятялда цебе бугеб лъайкьеялъул отделалъул МугIрузул территориалияб округалда вугев нухмалъулев МухIамадгIариф лъайкьеялъул, ватIан бокьиялъул, лъикIаб гIамал-хасияталъул хIакъалъулъ ва цогидалги темабазда магIна гьваридал кIалъаял. Районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасул цIаралдасан данделъаразда баркиялъулал рагIаби абуна гьесул заместитель МухIамад Хьарагишиевас. Росдал къоялъул хIурматалда тIобитIараб мажлисалда бицана имам Шамилил заманалда вукIарав гIалимчи ГIали-къадил гIумруялъул ва хIаракатчилъиялъул хIакъалъулъ.

ТоргIо хIаялъул ва цогидалги къецалги тIоритIана.

**«Гумбет» РИО**

# Меры по обеспечению общественного порядка и общественной безопасности в учреждениях образования

**ОМВД РФ по Гумбетовскому району поздравляет с наступающим Днём знаний и информирует о мерах по обеспечению общественного порядка и общественной безопасности в учреждениях образования.**

До начала празднования «Дня знаний» остались считанные дни. Во всех школах района будут запланированы и проведены мероприятия, посвященные началу нового, 2019- 2020 учебного года. ОМВД России по Гумбетовскому району приняли все необходимые меры для обеспечения общественного порядка и общественной безопасности на объектах образовательной сферы. Стоить обратить внимание! Терроризм может ворваться в каждый дом, принести неисчислимые страдания в каждую семью, выбрать себе в жертву каждого. Только сообща мы сможем бороться с ним и победить. При обнаружении бесхозных вещей и предметов, вызывающих подозрение, не прикасайтесь к ним, воздержитесь от использования мобильных телефонов вблизи данного предмета. Сообщите о находке в полицию, не приближайтесь к подозрительным предметам, которые могут оказаться взрывными устройствами, и не предпринимайте никаких действий с ними - это может привести к их взрыву, многочисленным жертвам и разрушениям. Террористы скрывают взрывные устройства под видом обычных бытовых предметов: сумок, пакетов, свертков, коробок, игрушек и т.п.

В случае обнаружения незнакомых и подозрительных лиц около помещений, подвалов и складов уведомляйте об этом правоохранительные органы. Если вы располагаете информацией о планируемых терактах, наличии у граждан взрывчатых веществ, оружия и других запрещенных предметов, просим незамедлительно сообщить в полицию. Запомните: Ваша информация может спасти жизни ваших родных и близких, соседей, друзей, знакомых. Каждое Ваше сообщение будет незамедлительно и тщательно проверено, гарантируем каждому сообщившему о подозрительных фактах полную анонимность и конфиденциальность.

**Телефоны ОМВД РФ по Гумбетовскому району: Д/Ч - (8 928-958-08-71) 26-204 Село Мехельта, Гумбетовский район, 368930, ул. Центральная, 104.**


БетIерав редактор ХIамзат МухIамадович ГIизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияб секретарь Къурмагьиз ХIадисова
Корреспондентал: ГIайшат Исламбиева, Хадижат Мазгарова, Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1063
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144


Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.